



BABI

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Tanggal 17 Agustus mangrupa poé kamerdékaan Nagara Indonesia. Dina nyanghareupan bulan Agustus, biasana aya rupa-rupa kagiatan anu sok dilaksanakeun ku sakumna masarakat Indonesia. Éta kagiatan dilaksanakeun dina raraga miéling kamerdékaan nagara Republik Indonesia. Ti mimiti ngarias gapura, panggung hiburan di désa-désa, saperti balap karung, ngadahar kurupuk, karaokéan nepi ka acara puncak nya éta sok aya acara arak-arakan anu ayeuna mah katelahna téh *pawéy*. Kitu deui di kota Cianjur sok diayakeun rupa-rupa pintonan dina raraga miéling poé kamerdékaan nagara Indonesia. Salasihiji pintonan nu geus jadi ciri has masarakat Cianjur nya éta Tradisi Kuda Kosong dina *pawéy* Agustusan. Aleutan *pawéy* ngurilingan kota, jalma ayeuh-ayeuhan pinuh ku kabungah pikeun lalajo arak-arakan Tradisi Kuda Kosong. Tradisi Kuda Kosong geus jadi hiji atraksi budaya dina unggal-unggal kariaan nagara saperti dina 17 Agustusan.

Tradisi Kuda Kosong mangrupa sabagian leutik tina wujud kabudayaan anu aya di masarakat Kabupatén Cianjur. Lian ti éta masih loba kénéh asét budaya nu aya di Kabupatén Cianjur.

Luyu jeung pedaran di luhur, yén unggal masarakat téh miboga budaya séwang-séwangan, éta budaya téh mangrupa ciri has nu dipiboga ku sakumpulan anggota masarakat. Contona waé Cianjur ngabogaan Tradisi Kuda Kosong,

mamaos, jeung maenpo. Subang boga kasenian sisingaan. Éta sabagian leutik conto kabudayaan nu dipiboga ku unggal daérah. Kabudayaan sorangan nurutkeun E. B. Taylor (Harsojo, 1982: 109) nya éta:

Keseluruhan yang kompleks, yang di dalamnya terkandung ilmu pengetahuan, kepercayaan, kesenian, moral, hukum adat-istiadat dan kemampuan yang lain serta kebiasaan yang didapat oleh manusia sebagai anggota masyarakat.

Nurutkeun Koentjaraningrat (1994: 9) aya tujuh unsur kabudayaan, nya éta: 1) sistem réligi, 2) élmu pangwéruh, 3) basa, 4) organisasi sosial, 5) sistem pakasaban, 6) kasenian, 7) sistem pakakas jeung teknologi.

Salasahiji bagian tina kabudayaan nya éta folklor. Nurutkeun Dananjaja (2002: 1): "folklor nya éta sabagian kabudayaan kolektif nu sumebar jeung diwariskeun sacara turun-tumurun, sacara tradisional dina vérsi nu béda."

Brunvand (2002: 21) ngabagi folklor kana tilu bagian, nya éta folklor lisan, folklor satengah lisan, jeung folklor non lisan. Folklor lisan nya éta folklor nu wangunna murni lisan. Nu kaasup folklor lisan di antarana basa rayat (logat, julukan, pangkat tradisional, titél kabangsawanan), ungkapan tradisional (babasan, paribasa, papatah, pameo), tatarucingan, sajak, puisi rayat (sisindiran, pupujian), carita prosa rayat (mite, dongeng, legenda) jeung nyanyian rayat. Folklor sabagian lisan nya éta folklor anu wangunna campuran unsur lisan jeung tulisan. Nu kaasup folklor satengah lisan nya éta kapercayaan rayat, tari rayat, adat istiadat, upacara, jeung pésta rayat. Folklor non lisan nya éta folklor anu wangunna lain lisan sanajan cara nyieunna ngaliwatan lisan. Folklor non lisan kabagi dua bagéan nya éta kahiji wangun material contona waé arsitektur, kadaharan tradisional,

kainuman, obat-obatan tradisional, jsb, kadua wangun non material contona waé gerak isarat, sora isarat saperti kentongan, jeung musik isarat.

Tina génré folklor nu panglobana ditalungtik ku para ahli nya éta carita prosa rayat. Nurutkeun Bascom (2002: 50) carita rayat dibagi kana tilu golongan, nya éta mite, légenda, jeung dongéng.

Dina Tradisi Kuda Kosong di Kabupatén Cianjur aya unsur-unsur folklor nu nyampak dina éta tradisi. Di antarana waé folklor lisan, nya éta ayana carita rayat dina éta Tradisi Kuda Kosong, folklor satengah lisan sabab dina Tradisi Kuda Kosong ayana unsur kapercayaan rayat jeung Tradisi Kuda Kosong mangrupa pésta rayat di Kabupatén Cianjur.

Tradisi Kuda Kosong mangrupa salasihiji warisan budaya di Kabupatén Cianjur. Tradisi Kuda Kosong aya dina unggal-unggal kariaan nagara mangrupa hiji pintonan pikeun masarakat balaréa, biasana dina arak-arakan (*pawéy*) 17 Agustus. Ieu arak-arakan Tradisi Kuda Kosong téh minangka nembrakkeun rasa kabungah masarakat Cianjur umumna tur rasa sukur ka Alloh SWT.

Tradisi Kuda Kosong mimiti aya dina jaman R.A.A Prawiradiredja I, Dalem Cianjur nu maréntah antara taun 1813-1833. Tradisi Kuda Kosong mimiti dipintonkeun mun aya kaulan atawa pésta di pendopo Cianjur, minangka rasa hormat ka luluhur Cianjur, nya éta R. H. Suryakencana anak Aria Wiratanu, Dalem Cianjur nu munggaran.

Tapi geus opat taun katukang Tradisi Kuda Kosong teu dipintonkeun deui dina arak-arakan 17 Agustus. Hal éta disababkeun yén Tradisi Kuda Kosong dianggap teu luyu jeung saré'at Islam. Nu mahing ayana Tradisi Kuda Kosong

nya éta Bupati Cianjur periode 2001-2006, Bapa Ir. Wasidi Swastomo, M.Si. Tradisi Kuda Kosong dianggap ngadeukeutan musrik sabab dina éta Tradisi Kuda Kosong ayana tokoh luluhur dina babad Cianjur, nya éta Éyang Suryakencana nu sok dikaitkeun kana hal anu mistis. Radén Suryakencana nya éta putra Aria Wiratanu atawa Jayasasana anu leuwih dipikawanoh sabagé Dalem Cikundul. Nurutkeun carita, Éyang Suryakencana téh anak Aria Wiratanu ti putri bangsa jin, nu ahirna ngageugeuh Gunung Gedé. Nurutkeun carita nu sumebar di masarakat Cianjur, Éyang Suryakencana téh nu numpak Kuda Kosong dina unggal arak-arakan 17 Agustus. Ieu hal nu nyababkeun ku naon Tradisi Kuda Kosong dianggap ngadeukeutan kana musrik nepi ka Tradisi Kuda Kosong dipahing dina arak-arakan 17 Agustus.

Masarakat Sunda miboga ajén nu luhung dina karya sastrana. Hal éta bisa katitén dina hasil karya sastra masarakat Sunda dina mangsa bihari saperti carita pantun, wawacan, guguritan, pupujian, jsb. Kitu deui dina mangsa kiwari masarakat Sunda nyiptakeun karya sastra saperti carita pondok, sajak, novel, jsb.

Carita rayat mangrupa bagian tina kabudayaan minangka hasil karya sastra anu aya di masarakat anu diwariskeun sacara turun-tumurun. Carita rayat sumebar sacara lisan, tatalépa ti hiji jalma ka jalma sejénna nepi ka teu kapaluruh waktu jeung ngaran pangarangna. Gelarna carita rayat raket patalina jeung sasakala hiji tempat, kapercayaan masarakat kana hal-hal nu gaib dipaparah kajadianana, diluyukeun jeung alam pikiran mangsa harita.

Dina Tradisi Kuda Kosong, carita rayat nu raket patalina jeung kapercayaan masarakat kana kana hal-hal nu gaib, nya éta ayana tokoh Éyang Suryakencana turunan jin nu aya kaitanana jeung hal nu mistis.

Éyang Suryakencana salasihiji tokoh nu aya dina babad Cikundul Cianjur. Babad nya éta dongéng anu ngandung unsur kasajarah. Nurutkeun Iskandarwasid (2003: 17) babad téh nya éta:

”Mangrupa carita heubeul anu medar riwayat luluhur atawa kajadian-kajadian penting jaman baheula di salasihiji daérah, biasana ti mimiti ngabedah (muka) éta wewengkon. Nilik kitu eusina, karep nu nyarusun babad téh bangun rék nulis sajarah. Malah judul-judulna ogé, di antarana aya anu ngagunakeun kecap sajarah. Tapi tacan diaku sajarah sabab mindeng kaselapan bagian-bagian anu sifatna rékaan atawa tacan katarima ku panguji disiplin (élmu) sajarah.”

Babad Cikundul Cianjur atawa sajarah Cikundul nya éta babad anu nyaritakeun asal-muasal kota Cianjur, ogé nyaritakeun rundayan (pancakaki) bupati-bupati di Cianjur. Luyu jeung pamadegan babad di luhur, dina Babad Cikundul Cianjur aya unsur carita rayat nu nyampak dina éta babad salian ti unsur sajarahna, nya éta ayana carita ngeunaan nikah antara tokoh manusa jeung tokoh jin. Tokoh manusa sorangan nya éta Radén Wira Tanu I (Jayasana) anu katelah Dalem Cikundul anu dina éta babad dicaritakeun kawin jeung Putri Jin, salah saurang anakna Éyang Suryakencana dipercaya ngageugeuh di Gunung Gedé Cianjur.

Tokoh Éyang Suryakencana muncul deui dina arak-arakan Tradisi Kuda Kosong. Tokoh Éyang Suryakencana nurutkeun dongéng lisan nu sumebar di masarakat Cianjur dipercaya diondang unggal taun dina *pawéy* Agustusan pikeun naékan éta kuda. Éta hal mangrupa salasihiji sabab nu ngabalukarkeun arak-

arakan Tradisi Kuda Kosong dipahing di Kabupatén Cianjur. Tapi saenyana mah, da dalah dikumaha ogé Tradisi Kuda Kosong téh mangrupa asét budaya nu kudu dimumulé tur dilestarikeun. Ku alatan kurangna référénsi nu nalungtik ngeunaan Tradisi Kuda Kosong, tangtuna baé gedé pangaruhna kana éksisténsi Tradisi Kuda Kosong, malahan bakal mangaruhan ogé kana kamekaran budaya bangsa. Dumasar kana éta pamadegan, perlu ditarékahan sangkan éta tradisi téh dimumulé, salasihiji carana nya éta ku panalungtikan ngeunaan ajén –inajén luhur nu aya, paling copél ngadokuméntasikeun, kalawan tujuan miceun paradigma-paradigma nu méngpar tina nyurahan Tradisi Kuda Kosong.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Pedaran ngeunaan unsur budaya nu aya dina Tradisi Kuda Kosong téh lega pisan ambahanana. Ku kituna, sangkan pedaran téh teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan téh baris diwatesanan ngeunaan carita rayat nu aya dina Tradisi Kuda Kosong, jeung carita rayat nu aya dina Babad Cikundul Cianjur katut prak-prakan Tradisi kuda kosong. Dina ngaanalisisna baris museur kana carita rayat nu aya dina Tradisi Kuda Kosong jeung dina Babad Cikundul Cianjur, kalawan ku cara ngaluyukeun antara sumber lisan jeung sumber tulisan dina nyangking unsur-unsur intrinsik nu aya dina carita rayat Tradisi Kuda Kosong jeung dina Babad Cikundul Cianjur.

1.2.2. Rumusan Masalah

Rumusan masalah dipiharep bisa méré pituduh pikeun ngumpulkeun data nu aya patalina jeung patalékan-patalékan dina rumusan masalah. Dumasar kana kasang tukang nu dipedar di luhur, baris dirumuskeun masalah nu disanghareupan, di antarana:

- 1) Kumaha carita rayat nu aya dina Tradisi Kuda Kosong jeung nu aya Babad Cikundul Cianjur téh?
- 2) Naon waé unsur carita rayat (téma, palaku, latar, galur, jeung amanat) dina Tradisi Kuda Kosong jeung Babad Cikundul Cianjur?
- 3) Kumaha prak-prakan Tradisi Kuda Kosong téh?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Sacara husus, tujuan dina ieu panalungtikan téh nya éta sabagé tarékah pikeun nyangking data ngeunaan salasahiji Tradisi Kuda Kosong nu aya di Kabupatén Cianjur.

Sacara umum, tujuan tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngarojong kana ajén kamangpaatan tradisi dina raraga ngabina ajén sosial budaya masarakat Jawa Barat tur pikeun kamekaran nasional.

Lian ti tujuan husus jeung tujuan umum di luhur, ieu panalungtikan dipiharép bisa:

- 1) Ngadéskripsikeun carita rayat nu aya dina Tradisi Kuda Kosong jeung dina Babad Cikundul Cianjur.

- 2) Ngadéskripsikeun unsur carita rayat (téma, palaku, latar, galur, jeung amanat) dina Tradisi Kuda Kosong jeung Babad Cikundul Cianjur.
- 3) Ngadéskripsikeun prak-prakan Tradisi Kuda Kosong.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa meunangkeun sababaraha mangpaat, saperti ieu di handap:

- 1) Pikeun nu nalungtik, mangrupa input enggoning ngaguar salasahiji tradisi lisan nu aya di Kabupatén Cianjur;
- 2) Pikeun nu maca bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi lisan jeung tulisan nu aya di Kabupatén Cianjur; jeung
- 3) Pikeun nambahan kareueus jeung ngamumulé kana kabudayaan sorangan, hususna Tradisi Kuda Kosong.

1.4. Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa dasar pamikiran anu gunana pikeun dasar panalungtikan. Anggapan dasar nu aya dina ieu panalungtikan téh di antarana:

- 1) Kabudayaan mangrupa hasil tina cipta, rasa, jeung karsa manusa nu ngawengku sakabéh aspék kahirupan manusa dina hirup kumbuh manusa.
- 2) Carita rayat nya éta carita nu sumebar di masarakat sacara lisan anu teu kanyahoan pangarangna (anonim).
- 3) Tradisi nya éta kabiasaan di masarakat dina ngokolakeun warisan budaya karuhun nu turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi satuluyna.

- 4) Babad nya éta karya sastra anu ngandung unsur sajarah.

1.5. Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha istilah anu perlu dijéntrékeun sangkan henteu nimbulkeun salah tafsir. Judul ieu panalungtikan nya éta Carita Rayat nu Aya dina Tradisi Kuda Kosong jeung dina Babad Cikundul Cianjur.

1) Carita Rayat

Carita rayat nya éta warnaning carita heubeul anu sumebar di masarakat, tatalépa ku cara lisan, bari teu kanyahoan saha pangarangna/anonim (Iskandarwassid, 2003: 127).

2) Tradisi Kuda Kosong

Tradisi Kuda Kosong nya éta salasihiji atraksi budaya nu aya di Kabupatén Cianjur nu sok dipintonkeun dina kariaan nagara.

3) Babad Cikundul Cianjur

Babad Cikundul Cianjur nya éta salasihiji karya sastra historigrafi tradisional ngeunaan sajarah kota Cianjur jeung bupati-bupati Cianjur.